

Nim. 202,9

## DEKRÈ EGZEKITIF

### **Kontinuite sispansyon tanporè ak modifikasyon lwa yo Ki gen rapò ak ijans nan sitiyasyon katastwòf la**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon eta ijans pou katastwòf nan tout Eta New York la;

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo dokimante ni ka ki gen pou wè avèk vwayaj ni transmisyon COVID-19 pa kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa ap kontinye toujou;


**LÈ NOU KONSIDERE**, pou fasilite repons ki pi apwopriye ak pi efikas pou katastwòf ijans COVID-19 la, li enpòtan pou Eta New York kapab ajì vit pou rasanble, kowòdone, ak deplwaye machandiz, sèvis, pwofesyonèl ak volontè tout kalite; ak

**KOUNYE A, KIDONK**, mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt estati, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon eta ijans pou katastwòf, si respè estati, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa modifye pwovizwaman, pou peryòd apati dat Dekrè Egzekitif sa a jis nan dat 20 avril 2020, sa ki annapre yo:

- Soudivizyon de (2) nan Seksyon 39 nan Lwa sou Operasyon Bank (Banking Law) lan avèk dokiman sa a modifye pou deklare ke li pral konsidere yon pratik biznis ki riske epi ki malsen si, an repons ak pandemi COVID-19 la, nenpòt bank ki sijè ak jirisdiksyon Depatman an pa akòde tolerans pou nenpòt moun oswa biznis ki gen yon difikilte finansye kòm rezilta pandemi COVID-19 la pou yon peryòd katreven dis jou.

**KOUNYE A, KIDONK**, dapre otorite Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen pou pibliye nenpòt direktiv pandan yon ijans nan sitiyasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen pibliye avèk dokiman sa a direktiv annapre yo pou peryòd ki soti nan dat Dekrè Egzekitif la rive 20 avril 2020:

- Sipèntandan Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services) pral asire ke anba sikonstans rezonab ak pridan yo ke nenpòt antite ki gen lisans oswa ki regile yo bay nenpòt konsomatè nan Eta New York yon opòtinite pou yon tolerans peman pou yon ipotèk pou nenpòt moun oswa antite ki ap fè fas ak yon difikilte finansye akòz pandemi COVID-19 la. Sipèntandan an dwe pwomilge règleman ijans yo pou egzije ke yo rann aplikasyon pou tolerans sa a disponib anpil pou konsomatè yo, epi ke yo dwe akòde aplikasyon sa yo nan tout sikonstans rezonab ak pridan sèlman pou peryòd ijans sa yo.
- Anplis, Sipèntandan an pral gen otorite pou pibliye règleman ijans yo pou bay enstriksyon ke, sèlman pou peryòd ijans sa a, frè pou itilizasyon machin kesye otomatik (ATM) yo, frè pou ensifizans yo ak frè an reta sou kat kredi yo, gendwa redwi oswa modifiye an rapò avèk règleman Sipèntandan an pou antite ki gen lisans oswa ki regile yo nan pran an konsiderasyon enpak finansye sou konsomatè New York la, sekirite ak entegrite antite ki gen lisans oswa ki regile a, epi nenpòt egzijans federal ki aplikab yo.



F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan  
Vil Albany nan venteyinyèm jou mwa  
mas nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a